

KONSEKANS LE OU FE YON PLEDWAYE POU YON DELI NAN LAFLORID

1. Si ou fè yon pledwaye, tou depann de akizasyon yo pote kont ou a, tou depann de desizyon final yo pran nan ka w la, epi tou depann de antesedan kriminèl ou, gen posibilite ke ou kapab oswa ou ka pa kapab sele oswa efase dosye kriminèl ou menm si tribinal la “pa fè jijman.”
2. Ou pap kapab efase dosye arestasyon ou avèk Biwo Envestigasyon Federal (*FBI*) paske FBI pa sele ni efase dosye arestasyon.
3. Yon pledwaye pou yon santans “kredi pou tan nan prizon” (“*credit for time served*”) oswa “CTS” pa vle di ke yo rejte ni ke yo kite ka w la tonbe. Okontrè, sa vle di ou plede koupab.
4. Yon pledwaye “san kontestasyon” (“*no contest*”) pa elimine konsekans negatif ki genyen si yo deklare ou koupab nan tribinal.
5. Etandone dosye sou antesedan kriminèl se bagay piblik, epi anpil mèt kay chèche jwenn antesedan kriminèl moun ki vle lwe nan men yo, gen posibilite ke ou gen dwa pa kapab lwe oswa afème yon kay oswa yon apatman.
6. Dosye arestasyon ou pa disparèt poutèt yon jij pa fè jijman.
7. Yo gen dwa mande ou bay espesimèn ADN (*DNA*) ou.
8. Ou gen dwa pa kapab rete avèk oswa al vizite yon moun ki rete nan lojman piblik oswa nan yon kay Seksyon 8.
9. Yo gen dwa sispann lisans chofè ou si yo kondane ou poutèt zafè dwòg.
10. Ou gen dwa pa kapab rantre nan militè, depandaman rezon yo deklare ou koupab ak kantite fwa sa rive. Ou pa kapab rantre nan militè ni tou ou pa kapab tounen yon ajan lapolis si yo deklare ou se yon delenkan oswa si yo deklare ou koupab poutèt yon zak vyolans domestik (deli oswa krim).
11. Ou pap kapab jwenn lajan federal pou etidyan (bous, prè, oswa asistans travay), pou yon sèten tan, si yo te deklare ou koupab poutèt ou te posede oubyen ou t ap vann sibstans ki sou kontwòl pandan ou t ap resevwa lajan èd finansye a.
12. Si yo deklare ou koupab, ou pap kapab voye petisyon pou yo sele oswa efase dosye kriminèl ou.
13. Si yo deklare ou koupab poutèt yon deli vyolans domestik, w ap pèdi dwa ou genyen pou w posede zam-a-fe oswa pou ou genyen oswa kache yon zam sou ou.
14. Si yo deklare ou koupab, yo ka mete w deyò nan yon inivèsite piblik.
15. Si yo deklare ou koupab poutèt kèk deli ki anrapò avèk dwòg, yo ka konfiske atik yo sezi nan men ou ansanm avèk sibstans ki sou kontwòl la.
16. Ou ka resevwa yon pèn prizon obligatwa pou yon deli ou komèt nan lavni ke yo remennen devan lajistis antanke krim si yo klase ou kòm “Moun Ki Abitye Koupab Vyolans (*Habitual Violent Offender*).” Epitou ou gen dwa jwenn pèn prizon ki pi long toujou pou akizasyon deli yo vin fè alavni.
17. Ou gen dwa pa kapab travay pou:
 - leta oswa minisipalite a si yo te jwenn ou koupab poutèt yon deli 1ye degre ki “gen rapò dirèk” ak djòb la;
 - yon kote oswa minisipalite (si djòb la enpòtan pou sekirite sèten moun oswa pou sekirite piblik);
 - lapolis, depatman koreksyon oswa lòt ajans ki travay ak timoun oswa moun aje;

OBJEKTIF DOKIMAN SILA A SE POU BAY ENFÒMASYON SÈLMAN E OU PA DWE SÈVI AVÈK LI KÒM KONSÈY LEGAL.

Revize le 4 fevriye 2016

Se Carlos J. Martinez, Richard DeMaria, Jonathan Greenberg ki konpile enfòmasyon sa a

- sistèm lekòl piblik la, yon pò oswa yon ayewopò.
18. Lè yo deklare ou koupab poutèt sèten deli, yo gen dwa sèvi ak sa pou di ou pa yon moun kredib jou ou ta gen pou temwaye nan tribinal.
 19. Kondanasyon yo ka afekte lisans pwofesyonèl, sèvis militè, anplwa prive, e yo ka anpeche w vin yon manm Bawo Laflorid (*Florida Bar*).
 20. Yo gen dwa refize ba ou yon lisans okipasyonèl oswa komèsyal.
 21. Si ou pa yon sitwayen ameriken epi ou pa gen yon kat rezidans [*green card*] (kòm rezidan pèmanan), yon kondanasyon oswa si yo pa fè jijman, ka anpeche ou janm jwenn yon kat rezidans. Yo gen dwa depòte ou, menm si ou gen kat rezidans la.
 22. Si ou pa gen papye, yo pa bezwen konnen si ou te plede koupab oswa si ou pat plede koupab, yo gen dwa fè w kite Lèzetazini.
 23. Si arestasyon ou, kondanasyon ou oswa si tribinal la pa fè jijman pou yon akizasyon ki gen pou wè avèk sèks oswa ki motive pa sèks, yo gen dwa sèvi avèk li pi ta pou yo fèmen ou nan prizon pou lontan, menm apre ou fin sèvi santans ou.
 24. Si ou gen kat kondanasyon oswa pi plis pou sèten deli sou yon peryòd ennan apre dat ensidan ki gen akizasyon ki annatant lan, yo gen dwa deklare ou se yon “Moun ki Abitye fè Deli (*Habitual Misdemeanor Offender*).” Kòm rezilta, yo gen dwa ba w de pi gwo sanksyon pi devan.
 25. Si yo rekonèt ou koupab twa oswa pi plis ofans byen presi sou yon peryòd senkan, y ap deklare ou se yon “Moun Ki Abitye Vyole Règleman Sikilasyon (*Habitual Traffic Offender*).” Kòm rezilta, y ap anile lisans chofè ou pou senkan epi yo gen dwa pouswiv ou devan lajistis epi akize w de krim poutèt ofans “Kondwi Avèk yon Lisans ki Anile” ke w fè alavni.
 26. Si yo kondane ou yon 3zyèm fwa oswa apres, poutèt ofans “Kondwi Avèk yon Lisans ki Anile,” yo konsidere sa kòm yon krim 3zyèm degre.
 27. Si yo kondane ou pou ken z vyolasyon nan machin byen presi sou yon peryòd senkan, y ap anile lisans ou pou senkan.
 28. Si yo kondane ou pou yon 3zyèm DUI (Kondwi pandan w sou Enfliyans Alkòl oswa Sibstans) ki fèt 10 zan apre yon kondanasyon pou DUI, yo konsidere sa kòm yon krim 3zyèm degre.
 29. Si yo kondane ou poutèt “kous akselerasyon (*drag racing*),” yo pral anile lisans ou.
 30. Apre yon twazyèm kondanasyon poutèt ou te “kondwi yon fason ki danjere,” yo pral anile lisans ou.
 31. Yon kondanasyon ka lakòz yo reklasifye ofans lan pou l soti nan kategori deli epi pou l pase nan kategori krim (pa egzanp, yon twazyèm krim pou vòl minim, yo ka klase l kòm yon krim, yo ka klase yon twazyèm agresyon senp kòm yon agresyon kriminèl).
 32. Si yo detèmine ou koupab e ou pa peye frè tribinal la mande w pou peye yo, yo pral anile lisans chofè w la.

Pou w gen plis enfòmasyon, ale sou sit Entènèt la nan
<http://www.pdmiami.com/ConsequencesManual.pdf>

OBJEKTIF DOKIMAN SILA A SE POU BAY ENFÒMASYON SÈLMAN E OU PA DWE SÈVI AVÈK LI KÒM KONSÈY LEGAL.

Revize le 4 fevriye 2016

Se Carlos J. Martinez, Richard DeMaria, Jonathan Greenberg ki konpile enfòmasyon sa a